# TÁRBIYA 1

## BAXÍT HÁM TABÍS SÍRLARÍ

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin
1-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq

Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi
tárepinen usınıs etilgen



Ǵafur Ǵulam atındaǵı
baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi
«BILIM» – 2020

UO‘K 17(075.2)
KBK 87.7ya71
T 38

**Ismatova Nargiza, Ruzieva Dilnaz, Islamov Zahidjan, Rahimjanov Durbek, Sattarov Shuhrat, Zamanov Zokir, Mahmudov Obiddin, Zakirova Sevara, Madalieva Sevara, Shermuxammedova Saodat, Akkulova Saodat, Muminova Layla, Xalmuxammedova Nilufar.**

**Juwaplı redaktorlar:**

**Z. Islamov** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;
**D. Kenjaev** – tariyx ilimleriniń kandidatı.

**Pikir bildiriwshiler:**

**M. Quronov** – Respublika Ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq orayı direktorı orınbasarı;
**R. Jabborov** – Mámleketlik tildi rawajlandırıw máseleleri boyınsha «O‘zbekkino» MA Bas direktorı másláhátshisi;
**Z. Jabborova** – Respublika bilimlendiriw orayı «jámiyetlik pánler» bólimi metodisti;
F. **Karimova** – Tashkent qalası Chilanzar rayonı 281-ulıwma bilim beriw mektebiniń baslawısh klass muǵallimi;
L. **Gaynutdinova** – Respublika analiz orayı direktorı.

Ózbekstan Respublikasi Ministrler Kabineti janındaǵı Din isleri boyınsha komitet, Respublikalıq Ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq orayı, Ózbekstan Jazıwshılar awqamınıń tiyisli juwmaqları tiykarında baspaǵa tayarlanǵan.

Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.

**N. Ismatova hám b.**
Tárbiya: 1-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq. 1-basılım. – T.: Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi, 2020. – 64 b.

UO‘K 17(075.2)
KBK 87.7ya71

**© N. Ismatova hám basqalar.**
© Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa - poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi, 2020
© Qaraqalpaqcha awdarma "Bilim" baspasi, 2020

ISBN 978-9943-6113-7-5

*Assalawma áleykum, qádirli balajanım!*

Mine, Siz dúnya imaratlarınıń ishinde eń gózzal bolǵan mektep bosaǵasına qádem qoydıńız. Qádemińiz qutlı bolsın!

Bul jerde miyirman ustazlardan ilim úyrenesiz, qatar-qurbılarıńız benen doslasasız, óz aldıńızǵa ullı maqsetler qoyasız hám oǵan umtılıp jasaysız.

Mektep Sizge bilim beretuǵın, oylaǵan maqsetlerińizge erisiwge járdem beretuǵın muqaddes mákan.

Aldıńızda sizdi ilimler dúnyası kútpekte. Siziń erkin pikir júrgizip, janajan Watanımızdıń aqıllı, dana, bilimge qumar perzenti bolıp jetilisiwińizge isenemiz!

Áwmet yar bolsın!

***Avtorlar jámááti***



## JOL KÓRSETKISHLERI



edurtm_uz



# 1-TEMA: WATAN ISENIMI

Men birinshi klasqa barǵanımda aǵam maǵan Ǵafur Ǵulamnıń qosıǵın oqıp bergen edi:

Sen búgin klasta quwanısh penen,
Sınalıw gezegin kútip turasań.
Aǵla mámlekettiń aǵla perzenti,
Sonı bilgil, seni Watan kútedi!



## Dóretiwshilik iskerlik

1. Búgin qanday bayram?
2. Sizdi jáne kimler birinshi klasqa barǵanıńız benen qutlıqladı?
3. Prezidentimiz qanday tilekler bildirdi?
4. Mektepke ne ushın kelgenińizdi bilesiz be?

# 2-TEMA: SÁLEMLESIW ÁDEBI



edurtm_uz






Adamlarǵa salamatlıq hám tınıshlıq ne ushın kerek dep oylaysız?

**Sálemlesiw insanlar arasında miyrim-shápáát hám doslıq sezimlerin payda etedi. Sebebi, sálem beriw arqalı insanlar bir-birine saw-salamatlıq tileydi.**

edurtm_uz





## Sálemlesiw qağıydaları:

Balalar azanda bet-qolın juwıp bolğan soń, ata-anasına hám ózinen úlkenlerge sálem beredi.





Úyge kirip kelgen adam úydegilerge sálem beredi.

Júrip kiyatırğan adam otırğan adamğa sálem beredi.





Ádepli bala bárqulla kúle shıray menen “Assalawma áleykum”, – dep sálem beredi.

edurtm_uz



## Shańaraq átirapında

1. Súwretlerge at qoyıń.
2. Úlkenlerdiń járdemi menen olardıń izbe-izligin anıqlań hám sanlar menen belgileń.
3. Birinshi qaysı súwretten baslaysız?












edurtm_uz



## 3-TEMA: MENÍŃ ÁRMANÍM

Dápterińizge ármanlar basqıshın sızıń. Basqıshtıń hárbirine at qoyıń.



edurtm_uz





**Shańaraq aǵzaları menen hárbir basqıshtı iyelew ushın ne islew kerekligi haqqında sáwbetlesiń.**



edurtm_uz



## 4–5-TEMA: BILIM ALÍW SÍRLARÍ






Balalar, jetiskenlik hám imkaniyatlar esigin qanday gilt penen ashıwıńız múmkin?

– Sabaqqa óz waqtında keliw;
– tapsırmalardı durıs orınlaw;



– Soraw beriwden qorqpaw;
– ustazdı dıqqat penen tıńlaw;
– sabaqlardı tákirarlaw;





– doslar menen birlikte islesiw;

– ońqol qaǵıydasına ámel etiw.



edurtm_uz




Gúlzada, sen ustazlar haqqında qosıq bileseń be?
Ustaz, sizge tájim!
Haq jolında kim sağan bir hárip úyretse,
Onıń haqı ótelmes, qaytarsań da júz ese.
Alisher Nawayı

edurtm_uz






## Shańaraq átirapında

1. Buratinonıń basınan keshirgenlerin ata-anańız benen birge tamasha etiń.
2. Sabır-taqat hám talapshańlıq penen bilim alıwǵa umtılatuǵın ertektegi qaharmanlardı esleń.
3. Keyingi sabaqqa ózińiz súygen qaharmanlar haqqındaǵı ertek kitaplardı alıp keliń.

edurim_uz





## 6-TEMA: MEKTEBIM – GÚLZARÍM

Balalar, keliń, mektebimiz boylap sayaxat etemiz.

Klasımız jarıq hám azada. Asxanamız da bar.

Kitapxanamızda qızıqlı kitaplar kóp.











edurim_uz





Mektep sport zalında densawlıǵımızdı bekkemleymiz.




Belsendiler zalında ótkeriletuǵın keshelerde óz qábiletimizdi kórsetemiz.

**Bilimli bolıw eń pazıyletli is, sebebi, ol baxıt-saadat esiginiń gilti.**

edurtm_uz



Balalar, biziń mektebimiz benen tanıstıńız ba?



Mektebimizde biziń bilim alıwımız ushın hámme imkaniyatlar jaratılǵan.

Sonıń ushın biziń mektebimiz azada hám tártipli.



Siz-she, siz mektebińizge qalay qarap atırsız?

edurtm_uz



## Biz mektepte tómendegi tártip-qağıydalarğa ámel etemiz:



- sálemlesiw;



- keshikpew;



- álpayımlıq;



- óz ara húrmet;



- tazalıqqa itibar beriw;



- sabaqlarğa tayarlanıp keliw;



- mektep múlkine itibarlı bolıw;



- sipsekeshler miynetin húrmetlew;



- esikten shığıp atırğanlarğa jol beriw;



- oń tárep qağıydasına ámel etiw;



- óz-ózine xızmet kórsetiw.

edurtm_uz





Súwretti tamasha etiń. Súwrette kórsetilgen orınlardan paydalanıwdıń ózine tán qaǵıydaları bar.




Súwretlerdegi orınlardan qalay paydalanıw kerekligin jası úlkenlerden sorań.

edurtm_uz









1. Hájetxanaǵa shep ayaǵıńız benen kiriń, oń ayaǵıńız benen shıǵıń.
2. Isletilgen qaǵazlardı arnawlı ıdısqa tasláń.
3. Qolıńızdı sabınlap juwıń.
4. Hájetxanada sóylespeń.

edurtm_uz



# 7–8-TEMA: MENIŃ SÚYIKLI ERTEK QAHARMANLARÍM






* * *

Bar eken de, joq eken,
Ash eken de, toq eken.
Bóri baqawıl eken,
Túlki jasawıl eken.
Ǵarǵa qaqımshı eken,
Shımshıq shaǵımshı eken.
Ǵaz kernayshı eken,
Úyrek sırnayshı eken.
Tasbaqa táreziman eken,
Qurbaqa onnan qarızdar eken.
Qırǵawıl qızıl eken,
Quyrıǵı uzın eken.
Tawdan tawǵa qonǵan eken,
Ayaqları sınǵan eken...







edurtm_uz



Burınǵı ótken zamanda bir ǵarrı bolǵan eken...





edurtm_uz





Kúsh – birlikte. Birlik, jaqsılıq, mártlik, erlik, bilimlilik sózlerin tómende berilgen súwretlerdegi qaharmanlar arqalı súwretlep beriń. Usı multfilmlerdiń qaharmanların tanıysız ba?





**Aqıldı rawajlandırıw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Eki súwrettegi multfilm qaharmanları awır jaǵdaydan qalay shıǵıp kete aladı?
2. Ótirikshilik, ashkózlik qanday aqıbetlerge alıp keletuǵının oqıdıńız ba?

**Bilimsiz hesh nársege erisip bolmaydı.**

edurtm_uz



# 9–10-TEMA: HÁR NÁRSENIŃ ÓZ ÓLSHEMI BAR






edurfm_uz





Kún tártibine ámel etesiz be?
Kún tártibi ne ushın kerek?
Siziń kún tártibińiz qanday?

















Súwretlerdegi wazıypalardıń izbe-izligin belgilep shıqsańız, kún tártibińizdi bilip alamız.

edurtm_uz






**Durıs bólistirilmegen waqıt zaya boladı. Sebebi, waqıttı arqaǵa qaytarıp bolmaydı.**

edurtm_uz



Waqtımızdı únemlew ushın kún tártibine ámel etiwimiz kerekligin bilip aldıq. Jáne nelerdi únemlew múmkin?






**Bereket – únemlilikte.**

edurtm_uz



“Balalar, Aral teńiziniń aldıńgı hám házirgi jaǵdayına itibar beriń! Qumlıqta jatırǵan kemege qarań! Suwdı únemlemey paydalanıwdıń qanday aqıbetlerge alıp keletuǵının kórdińiz be?













**Hárqanday ısırapshı – adamlardıń dushpanı. Hárbir únemshil – óz Watanınıń jankúyeri.**

edurtm_uz



# 11–12-TEMA: MENIŃ MÁHÁLLEMDE JASAW JAQSÍ



edurim_uz



## Dóretiwshilik iskerlik

### Siziń máhállede-she?
### Biziń máhállede...



edurim_uz







Shıǵındılardı arnawlı ıdıslarǵa tаslań!



**Aqıldı rawajlandırıw ushın soraw hám tapsırmalar:**

Ruqsat etilmegen jerge shıǵındılar taslansa, qanday aqıbetler júz beriwi múmkin?

edurim_uz



## Bilesiz be, geyde usınday jaǵdaylar da boladı!





### Dóretiwshilik iskerlik

1. Siz bunday isti islemeseńiz kerek?
2. Súwretke qarap waqıyanı táriyipleń.
3. Waqıyanıń aldın alıw múmkin be edi?

edurtm_uz





## 13-TEMA: BIYTANÍS KISI KIM?

Azanda mektepke kiyatır edim. Bir kisi jıltıraq qaǵazǵa oralǵan qutını qolıma uslattı. Onı mektep direktorına aparıp beriwimdi iltimas etti. «Yaq, bul isti heshqanday isleme», – dedi



Maǵan bolsa, bir hayal mashinada sayaxat etiwdi mirát etti.



edurtm_uz



Seregúl mektepten erte qayttı. Úyiniń aldındağı eki hayaldı kórip, hayran boldı.

– Atıń Seregúl me, apańnıń atı Mırzagúl me? – dep soradı biytanıs hayallardıń biri.

– Awa! – dedi Seregúl hayran bolıp.

– Bizlerdi anań jiberdi, pasportın áperip jiberiwiń kerek eken, – dedi ekinshi hayal...





**Aqıldı rawajlandırıw ushın soraw hám tapsırmalar:**

Biytanıs adamlar mazalı nárseler yaki soǵan usaǵan zatlar berse ne islew kerek?

Biytanıs adamlarǵa úyi, shańaraq aǵzaları haqqında maǵlıwmat beriw múmkin be?

**Dóretiwshilik iskerlik**

Gúrrińdi dawam ettiriń. Seregúldiń ornında siz bolǵanda ne isler edińiz?

edurim_uz



1. Eger, biytanıs adam sizdi alıp ketpekshi bolsa, bar kúshińiz benen járdemge shaqırıń. Imkaniyatıńız barınsha qarsılıq etiń.
2. Kóshede qaldırıp ketken buyımlarǵa dus kelseńiz, ózińizden úlkenlerge yaki ishki isler xızmetkerlerine xabar beriń.

**TÓMENDEGI SANLARDÍ YADLAP ALÍŃ:**



edurtm_uz



# 14–15-TEMA: QÁWIPLI JAĞDAYLARDA HÁREKET ETIW








**Aqıldı rawajlandırıw ushın soraw hám tapsırmalar.**

Ayrıqsha jaǵdaylarda qalay háreket etiwdi bilesiz be?

edurtm_uz



## AYRÍQSHA JAǴDAY JÚZ BERGENDE...

Ayrıqsha jaǵdaylarda jol kórsetkishleri arqalı tártipli háreket etiw kerek.

Tek oń tárepten júriw kerek. Bir-birińizge kesent bermeń!

Jer silkiniw waqtında háreket etiw.





Kúshli samal waqtında kóshege shıqpań!



Sel quyǵanda yamasa suw tasqını waqtında joqarı hám qáwipsiz jerge ótip alıń!

edurim_uz



## "Ziyrek oqıwshı" oyını



Oyında birneshe oqıwshı qatnasıwı múmkin:

Chek taslanadı. Birinshi, ekinshi, úshinshi hám basqa orınlar anıqlanadı.

*Oyın qaǵıydaları:* Taslar ortaǵa taslanadı.



Taslardaǵı sanlarǵa qarap júriledi.



Birinshi bolıp tajdı qolǵa kirgizgen oqıwshı jeńimpaz esaplanadı. Ekinshi bolıp oyındı baslaǵan ekinshi, úshinshi bolıp baslaǵan úshinshi bolıp kelse, oyın teńbe-teń boladı.



Hár bir toqtamda muǵallimniń sorawına juwap beriw kerek boladı.



Kórsetkish boylap júriw yamasa artqa

@edurtm_uz




1
2
3
4
5
6
7
8
?
10
37
38
39
40
41
42
43
44
45
46
47
48
?
50
51
52
53
54
55
56
57
58
?
60
61
62
63
64
65
66
67
68
?
70
71
72
73
74
75
76
77
78
79
80

edurtm_uz




11
12
13
?
15
16
17
18
19
20
21
22
23
?
25
26
27
28
29
30
31
?
33
34
35
36
81
82
83
?
85
86
87
88
89
90
91
92
93
94
95
?
97
98
99
100



## 16-TEMA: SÍYQÍRLÍ SÓZLER



Men hár kúni mektepke shıǵıp baratırǵanımda aǵam menen apam mennen: «sıyqırlı sózlerdi umıtpadıń ba?» – dep soraydı.

Sol sıyqırlı sózler járdeminde meniń hámme islerim ónimli boladı. Bahalarım ayrıqsha, kúndelik dápterimnen bolsa, «ata-anańa raxmet», degen alǵıslar orın aladı.









### Shańaraq átirapında

1. Siz qanday sıyqırlı sózlerdi bilesiz hám olardı qay jerde paydalanasız?
2. Sózlerdi súwretler menen baylanıstırıń:

A) assalawma áleykum; B) raxmet; C) ótinish; D) keshirersiz; E) keshir; F) múmkin be; G) márhámat; H) lábbay I) jaqsı barıń; J) haq jol; K) qapa bolmań; L) sawalıp ketiń.

edurtm_uz





**Aqıldı rawajlandırıw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Shańaraq aǵzalarıńız benen sóyleskende qanday sıyqırlı sózlerdi qollanasız?
2. Olarǵa qáytip múrájáát etesiz?
3. Múrájáát waqtında olarǵa «jan» qosımtasın qosıp isletip kóriń hám oǵan ádetleniń. Máselen: «Ana-jan».

edurtm_uz





## 17-TEMA: KEWIL AYNASÍ



Mektepte tómen baha aldım. Úydiń aldında otırǵan atam:

– Tómen baha aldıń ba? – dep soradı júzime qarap.

– Qalay bildińiz? Kim ayttı? – dedim hayran bolıp.

– Hárbir insannıń kewil kózi boladı. Keypińdi kewil





### Dóretiwshilik iskerlik

1. Siz insannıń túr-túsine qarap, onıń kewil kózin kóre alasız ba?
2. Súwretlerge qarap, ózińizge jaqın kelbetti tabıwǵa háreket etiń.

edurim_uz





# 18–19-TEMA: TELEFONNAN PAYDALANÍW QAǴÍYDALARÍ



Assalawma áleykum!

Meni tanıdıńız ba? Men Qol telefonman!

Sizge júdá kóp maǵlıwmatlar bere alaman. Lekin, meniń oyınlarıma berilip, Bilmesbaydıń awhalına túsip qalmań.

Qulaǵına telefonnıń qulaqshının taǵıp alǵan Bilmesbay joldan kesip ótpekshi boldı.

Kiyatırǵan avtomobil dawısın esitpey qaldı. Aydawshı ruldi qattı burıp jiberdi. Mashina joldıń shetindegi baǵanaǵa barıp urıldı.



edurdm_uz





## Mennen paydalanıwdıń qaǵıydaları bar:

1. Qońırawlarǵa «Assalawma áleykum, lábbay» dep juwap beriń.
2. Ózińiz qońıraw etkenińizde, álbette, «Assalawma áleykum», – dep gáp baslań. Ózińizdi tanıstırıwdı umıtpań.
3. Telefonda qısqa hám anıq sóylesiń.
4. Pás dawıs penen sóylesiń. Átirapıńızdaǵı adamlarǵa kesent bermeń.
5. Sabaq waqtında telefonnan paydalanbań.
6. Kóshede, ásirese avtomobil jollarınan kesip ótip atırǵanda, telefon qulaqshınların taqpań.





Biziń shańaraǵımız úlken. Úlken atam 1876-jılı tuwılǵan. Sonnan berli insanlarǵa xızmet etemiz.

Bizdi jataq jerge, ásirese, kópshiginiń astına qoyıw múmkin emes. Bizden shıǵatuǵın kóp muǵdardaǵı nur densawlıǵıńız ushın zıyan.



edurin_uz



## 20–21-TEMA: SÍRTQÍ KÓRINIS ÁDEBI

Náziyra jasanıp, shashların jayıp, hár qıylı tağınshaqlar tağıp, klasqa kirip keldi.

Ustazı hám klaslasları hayran boldı...

**Aqıldı rawajlandırıw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Tağınshaqlardı qay jerge barǵanda tağıw kerek?
2. Siziń jasıńızda qanday tağınshaqlar tağıw múmkin?



**Shańaraq átirapında**

Tağınshaqlar insan ómiri ushın qáwipli me? Ne ushın?

Haywanat baǵın kóriwge bardıq. Bir qulaǵına sırǵa hám moynına jaltıraq shınjır taǵıp alǵan bala dıqqatımdı tarttı. Men kempir apama sawal názeri menen qaradım.

– Bul onıń tárbiyası, – dedi kempir apam.

**Bunday kiyiniw ádebi durıs pa?..**



**Hárdayım taza kiyiniń hám álpayım bolıń. Haqıyqıy gózzalıq kewilde boladı. Kewil bolsa, insannıń ishki mádeniyatı hám ádebin belgileydi.**

edurtm_uz








## Shańaraq átirapında

1. Qay jerge qanday shash kórinisi menen barıw múmkin?
2. Mektepke baratırǵanda shashıńızdı qanday kóriniste bezeysiz, ne ushın?
3. 3-, 6-, 7-, 8-sanlı shash bezegi menen qay jerlerge barıwdı usınıs etesiz?

edurim_uz



## 22–23-TEMA: JAQSÍ HÁM JAMAN ÁDETLER

Shańaraǵımız benen dem alıwǵa dala háwlimizge bardıq. Jolda baratırǵanımızda mashinanıń aynasına bir nárse kelip tiydi. Jol shetine shıǵıp qaraǵan edik, aynaǵa tiygen nárse bizden aldında ketip baratırǵan mashinanıń aynasınan taslanǵan bos plastik ıdıs eken.



**Aqıldı rawajlandırıw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Siz ne dep oylaysız, aldıńǵı mashinadaǵı jolawshılar tuwrı is isledi me?
2. Júrip baratırǵan mashinanıń aynasınan túrli nárseler taslaw múmkin be?
3. Shıǵındılardı qayerge hám qanday tártipte taslawdı bilesiz be?

Qaysı ıdısqa qaysı shıǵındılardı salasız?






A) ________________________________________

B) ________________________________________

D) ________________________________________

E) ________________________________________

F) ________________________________________

edurtm_uz



# 24-TEMA: SAY BOYÍNDA



Jaz kúnleriniń birinde say boyına bardıq. Úlkenler ayaǵımızǵa ayaq kiyim kiyip alıwımızdı eskertti. Lekin, biz juwırıp, jalań ayaq suwǵa tústik.

Úkemniń ayaǵın say túbinde jatırǵan shiyshениń qıyıǵı kesip

**Suwdı ish, suwdı pataslama!**

## Shańaraq átirapında

1. Ne dep oylaysız, sayǵa shiysheniń sınıǵı qayaqtan túsken?
2. Aǵın suwǵa túrli shıǵındılardı taslawǵa bola ma?
3. Tazalıq, azadalıq, juwapkershilik sıyaqlı sózlerdi súwrette kórsetilgen jaǵdayda qollanıw múmkin be?
4. Túrli shıǵındılar taslanǵan suw tirishilik dáregi bola ala ma?

edurtm_uz



## Dóretiwshilik iskerlik

Tómendegi kesteni dápterińizge sızıń hám súwretler tiykarında jaqsı hám jaman ádetlerdi jazıń!

| Jaqsı ádetler | Jaman ádetler |
|---|---|
| | |
| | |
| | |



# 25–26-TEMA: SAP DENEDE – SAP AQÍL

## Densawlıǵıń óz qolıńda

Mektebimizge shıpakerler keldi. Bizlerdi tekseriwden ótkerdi.

Ayırım balalarǵa arnawlı shıpaker másláhátin alıwǵa usınıs bildirdi. Ayırımlarǵa kemqanlıq



Kemqanlıq:

a) Este saqlawdıń páseyiwi;
b) Keselliklerge beyimliliktiń kúsheyiwi;
d) Hálsizlik hám tez sharshap qalıw;

edurtm_uz



## Kemqanlıqtıń aldın alıw ushın tómendegi qaǵıydalarǵa ámel etiw kerek:



1. Kún tártibine ámel etiw.



2. Tuwrı awqatlanıw, palız ónimleri, gósh, kók shóplerdi (ukrop, petrushka) turaqlı jep turıw.



3. Awqattan aldın suw ishiw, awqatlanıwdı miywe yaki kók shóplerdi jewden baslaw.



4. Fast food taǵamlardı úzliksiz paydalanıwdan saqlanıw.



@edurtm_uz






## Dóretiwshilik iskerlik



### Kesteni toltırıń!

| | |
|---|---|
| Azanǵı shay (sáskelik) | |
| Túslik | |
| Keshki awqat | |

edurtm_uz



## 27-TEMA: DASTURQAN ÁTIRAPÍNDA

Apam keshki awqat ushın dasturqan jaydı. Men járdemge kiristim. Biraq, qasıq, pıshaq, shanıshqılardı qáytip qoyıwdı oylap qaldım.

Siz maǵan aytıp bere alasız ba, olardı dasturqanda qanday tártipte qoyıw kerek?



edurtm_uz



## 28-TEMA: DASTURQAN ÁTIRAPÍNDA OTÍRÍW ÁDEPLERI

1. Jası úlkenlerden burın awqatqa qol sozbań.
2. Stolǵa asılıp otırmań.
3. Awqattı asıǵıp hám awzıńızdı ashıp shaynamań.
4. Basqalardıń ıdısına qaramań.
5. Dasturqandaǵı nanlardıń hámmesin sındırmań.
6. Awzıńızdaǵı awqattı jutıp bolmay sóylemeń.
7. Ídıslardı bir-birine tiygizip, shaqırlatpań.
8. Awqatlanǵanda súlgiden paydalanıp úyreniń.
9. Awqatlanǵanda telefonnan paydalanbań.
10. Eger, aldınıraq turmaqshı bolsańız, úlkenlerden ruqsat sorań.
11. Awqat ushın raxmet aytıwdı umıtpań.
12. Óz-ózińizge xızmet etiwdi ádet etiń.
13. Dawısın shıǵarıp awqat jemeń.



edurim_uz





## 29–30-TEMA: JÁMIYETLIK ORÍNLARDA ÓZIN TUTÍW

Úy-ishimiz benen qıyabanda aylanıp júr edik. Bir bala qolındaǵı muzqaymaǵınıń qaǵazın jerge taslap ketti. Bunı kórgen gúzetshi balanıń ata-anasına bir nárselerdi ayttı. Ákesi qızarıp ketti. Dárhal jerde jatırǵan qaǵazdı alıp, balasına uslattı. Bala tómen qarawı menen shıǵındı taslaytuǵın qutıǵa qaray ketti.

– Gúzetshi ne dedi, siz esittińiz be? – dep soradım aǵamnan.

– Óziń oylap kórshi, – dep aǵam meniń ózime sawal menen qaradı.

Gúzetshi ne degen bolıwı múmkin?

***

Samarqandtıń Registan maydanı júdá ájayıp eken. Misli ertekler dúnyasına kirip kelgendey boldım.

Qalanı aylanıp, dúkánlarǵa kirdik.

– Maǵan estelik sawǵa ushın suvenir kórsetseńiz, – iltimas etti aǵam satıwshıǵa.

– Mine, márhámat, – Registan maydanınıń shıraylı maketin usındı.

– Úlken raxmet, biz bunı alamız, – dep aǵam pulın tóledi.



– Miymansız ba? – dep soradı satıwshı sawǵamızdı shıraylı qutıshaǵa salıp atırıp.

– Awa, miymanbız, erteń Buxaraǵa ketemiz.

Satıwshı menen álpayım xoshlasıp, kóshege shıqtıq. Aǵam bizlerge satıwshınıń ádepliligi haqqında tolqınlanıp sóyledi.

Miymanxanaǵa qayttıq. Aǵam shıjlan qaltasın bir jerde umıt qaldırǵan bolıp shıqtı.

Ne dep oylaysızlar, shıjlan qayerde qalǵan bolıwı múmkin?

edurtm_uz





***

Hámmemizdiń kewil-keypimiz buzıldı. Shıjlanda hújjetler hám biraz pul bar edi.

Keshki awqatqa otırdıq. Sol waqıtta aǵamdı kimdur sorap keldi. Satıwshını dárhal tanıdıq.

– Sizlerdi izlep, hámme miymanxanalarǵa bardım, shıjlanıńızdı umıtıpsız, – dedi satıwshı.

– Meni izlep jol haqı tólep kelgensiz, mına puldı alıń, – dep qısındı aǵam.

– Yaq, raxmet. Siz miymansız. Meni izlep qıylanıp qalmasın dep, ózim izlep keldim.

Satıwshınıń ádepliligi haqqında qanday pikirdesiz? Miymanǵa qanday múnásibette bolıw kerek?

edurtm_uz



# MAZMUNÍ

Sabaqlıq haqqında ........................................3
Jol kórsetkishleri ........................................4
1-tema: Watan isenimi ........................................5
2-tema: Sálemlesiw ádebi ........................................6
3-tema: Meniń ármanım ........................................10
4–5-tema: Bilim alıw sırları ........................................12
6-tema: Mektebim – gúlzarım ........................................16
7–8-tema: Meniń súyikli ertek qaharmanlarım ........................................22
9–10-tema: Hár nárseniń óz ólshemi bar ........................................25
11–12-tema: Meniń máhállemde jasaw jaqsı ........................................30
13-tema: Biytanıs kisi kim? ........................................34
14–15-Qáwipli jaǵdaylarda háreket etiw ........................................37
"Ziyrek oqıwshı" oyını ........................................39
16-tema: Sıyqırlı sózler ........................................42
17-tema: Kewil aynası ........................................44
18–19-tema: Telefonnan paydalanıw qaǵıydaları ........................................45
20–21-tema: Sırtqı kórinis ádebi ........................................48
22–23-tema: Jaqsı hám jaman ádetler ........................................51
24-tema: Say boyında ........................................53
25–26-tema: Sap denede – sap aqıl ........................................55
27-tema: Dasturqan átirapında ........................................58
28-tema: Dasturqan átirapında otırıw ádepleri ........................................59
29–30-tema: Jámiyetlik orınlarda ózin tutıw ........................................60

edurtm_uz

*O‘quv nashri*

**Ismatova Nargiza, Ro‘ziyeva Dilnoz, Islomov Zohidjon, Rahimjonov Durbek, Sattorov Shuhrat, Zamonov Zokir, Mahmudov Obiddin, Zokirova Sevara, Madaliyeva Sevara, Shermuhamedova Saodat, Akkulova Saodat, Mo‘minova Laylo, Xolmuhamedova Nilufar**

# TARBIYA

1-sinf o'quvchilari uchun darslik

(*Qoraqalpoq tilida*)

Awdarmashı: *M. Nızanov*
Redaktor *U. Yusupova*
Xud. redaktorı *I. Serjanov, I. Xolxo‘jayev*
Tex. redaktorı *B. Turımbetov*
Operator *N. Saukieva, K. Nadjimiddinov*

Licenziya: AI № 108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.
04.11. 2016-jıl AI № 290 licenziyası berilgen.
Original-maketten basıwğa ruqsat etilgen waqtı 19.08.2020-j. Formatı 60x84 $^1/_8$. Keglı 18 shponlı. Arial garniturası. Ofset baspa usılında basıldı.
7,44 shártli baspa tabaq. 8,5 esap baspa tabağı.
Nusqası 13331. ___ sanlı buyırtpa.

Dizayn koncepsiyası hám usılı Kolorpak JSHJ tárepinen tayarlandı.

COLORPACK

Ğafur Ğulam atındağı
baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyinde basıp shığarıldı.
100128. Tashkent. Labzak kóchesi, 86.

**www.gglit.uz info@gglit.uz**